


Kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo, tout moun nan Etazini gen dwa ki garanti anba Konstitisyon an. **Gid** sa a gen pou objektif enfòmè moun ki pa sitwayen ameriken sou dwa legal yo nan divès sitiyaasyon avèk lapolis ak ofisye imigrasyon yo.

Gen **[lwa ki ka varye nan](#)** kèk Eta. Gen règ separe ki aplike nan **[pòs kontwòl yo](#)** ak lè w ap antre Etazini nan pò antre yo, tankou nan fwontyè ak ayewopò yo.

Enfòmasyon sa a se pou rezon edikatif epi li pa ta dwe itilize kòm yon ranplasman pou asistans legal. Si ou menm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans legal, tanpri kontakte yon avoka.

SI YON OFISYE LAPOLIS OSWA IMIGRASYON VIN NAN KOTE W AP TRAVAY LA



- Ajan imigrasyon yo ka antre nan espas piblik kote w ap travay la. Pou antre nan zòn ki pa piblik yo, ajan imigrasyon yo dwe gen pèmisyon nan men pwopriyetè a oswa manadjè a pou yo fè yon desant nan yon espas travay (faktori, restoran, fèm, elatriye).
- Si ajan yo pa gen pèmisyon, yo dwe gen yon manda fouy ki siyen pa yon jij oswa yon majistra federal.
- Si ofisye imigrasyon yo gen pèmisyon pou fouye espas travay ou a, yo ka anpeche anplwaye yo soti.

- Ajan imigrasyon yo bezwen yon rezon apa oswa yon manda pou fouye ou, afè ou yo, ak kazyè anplwaye yo.

- Ou gen dwa rete an silans.

- Ou gen dwa refize siyen nenpòt dokiman.

